# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–11 अगस्त 2024 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु नई दिल्ली के भारतीय कृषि अनुसंधान संस्थान में ढेर पैदावार वाली, जलवायु अनुकूल अउर जैव ससक्त फसलिनि क एक सौ नौ किसिम जारी कइलें। येह किसिम में एकसठ फसिलि सामिल हवे, जेहमें चौंतीस खेती क अउर सत्ताइस बागवानी क फसिलि हौ। खेती के फसलिनि में बजड़ा, तिलहन, दलहन, गन्ना, कपास आ अउरियो फसलिनि क बीया सामिल हौ। बागवानी फसलिनि में फल, सब्जी, कंदमूल, मसाला, फूल अउर दवाई वाला पौधा क बीया हौ। येह मौका पर प्रधानमंत्री किसानन  अउर वैज्ञानिकन से बातोचीत कइलें। नया फसिलि किसिम पर प्रधानमंत्री कहलें कि एहसे कृषि में मूल्यवर्धन होई। किसान लोगि कहलें कि नया किसिम से उनके खरचा में कमी आई अउर पर्यावरण पर सकारात्मक परभाव पड़ी। श्री मोदी नया फसिलि किसिम बिकसित करे बदे वैज्ञानिकन क सराहना कइलें। येह कार्यक्रम में प्रदेस क ओह महिला लोगिनों के बोलावल गइल रहे जे जैसिक खेती कइले के साथे–साथे कई तरह क आधुनिक प्रयागो कइ रहलि हइनि। येह महिलन में अमरोहा क चारि गो महिला किसानों सामिल रहलिनि।

**********

स्वाधीनता दिवस के उपलक्ष्य में भारतीय जनता युवा मोर्चा के ओरि से आजु से तिरंगा यात्रा अभियान क सुरूआत कइल गइल। अभियान में प्रदेस क करीब सज्जो जिलन में रैली निकारल गइल अउर लोगिन से भारतीय जनता पारटी के हर घर तिरंगा अभियान में सामिल भइले क अपीलि कइल गइल हौ। हर घर तिरंगा अभियान बदे तेरह अगस्त ले तिरंगा यात्रा निकारल जाई अउर लोगिन के स्वाधीनता दिवस के मौका पर अपने घर में तिरंगा फहरावे बदे प्रेरित कइल जाई। भाजपा क कार्यकरता बारह से चउदह अगस्त ले स्थानीय नागरिकन के साथे मिलि के महापुरूसन के मुरती अउर स्मारकन के लग्गे स्वच्छता अभियान चलइहें। सथहीं, अमर बलिदानियन, महापुरूसन के मुरती पर माल्यार्पणा कइ के उन्हें नमन करिहें। एकरे अलावा चउदह अगस्त के विभाजन विभीषिका स्मृति दिवस पर भाजपा हर जिला में गोस्ठी क आयोजन करी अउर मौन जलूसो निकारी।

**********

पेरिस ओलम्पिक से कांस्य पदक जीति के भारत लवटलि भारतीय हॉकी टीमि क खेलाड़ी ललित उपाध्याय क आजु बनारस के लाल बहादुर शास्त्री अन्तर्राष्ट्रीय हवाई अड्डा पर भव्य स्वागत भइल। स्कूली लइके, हॉकी खेलाड़ी अउर उनकर प्रसंसक लोगि स्वागत कार्यक्रम के अपने गर्मजोसी से यादिगार बना दिहलें। बनारस पहुंचले के बाद ललित उपाध्याय बाबा विश्वनाथ क दरसन–पूजन कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि ओलम्पिक में भारतीय टीमि क इतिहासिक सफलता क श्रेय खाली खेलाड़ियन के नाहीं बलुक पूरा देस के जाला।

**********

सावन के चउथा सोम्मार के ले के प्रदेस के मंदिरन में तइयारी जोरिया गइल हौ। ओहीं, सड़किनि पर कांवड़ियन क ढेरि संख्या के देखत प्रसासन की ओरि से पुरहर इंतिजाम कइल जा रहल हौ। कई जिलन में कांवड़ राहि पर यातायात में बदलाव कइल गइल हौ। बदायूं अउर अमरोहा जिला में कांवड़ यात्रा के देखत तय तारीख पर विद्यालयन के बन्द कइले क फैसिलो कइल गइल हौ। ओहर आजु पीलीभीत में मोटरसाइकिल सवार कांवड़ियन के बिच्चे सम्भागीय परिवहन विभाग की ओरि से हेलमेट बंटले क कार्यक्रम आयोजित कइल गइल।

**********

रक्षाबंधन पर येहू बेरि अठारह अगस्त के राति से ओन्नइस अगस्त के राति ले निःसुल्क रोडवेज बसन से सेवा बहिनि लोगिन के उपलब्ध करावल जाई। येही क्रम में लखनऊ से छोट–छोट सहरन के बिच्चे दुइ सौ से बेसी अतिरिक्त बस चलावल जाई। क्षेत्रीय प्रबंधक, सज्जो सहायक क्षेत्रीय प्रबंधकन के एकरे खातिर दिसा–निरदेस जारी कइ दिहले हवें।

**********

लखनऊ मेल स्वतंत्रता दिवस से चारबाग रेलवे स्टेसन से चले लागी। उत्तर रेलवे प्रसासन की ओरि से एकरे चलवले क आदेस जारी कै दिहल गइल हवे। पनरह अगस्त के पहिली बेरि छौ सालि बाद यात्रियन के ले के ई ट्रेन चारबाग रेलवे स्टेसन से नई दिल्ली खातिर रवाना होई। अबले ई ट्रेन लखनऊ जंक्सन से रोज राति दस बजे दिल्ली खातिर रवाना होत रहे।

**********

प्रदेस में गोरखपुर के सथहीं करीब सज्जो जिलन में काल्हि रतिये से आसमान में बादर छवले हौ अउर गरज–चमकि के बिच्चे रूकि–रूकि के बरखा हो रहल हौ। मौसम विभाग के पैमाना पर कुछु जगहिनि पर हल्लुक त कहीं मध्यम बरखा रेकार्ड कइल गइल हौ। गोरखपुर में पछिला चउबीस घंटा के दौरान एकतीस मिलीमीटर बरखा दरज कइल गइल हौ। बारदन के छवले रहले अउर रूकि–रूकि के बूंदाबांदी से ले के रिमझिम बरखा भइले क सिलसिला जारी हौ। ओहर, पच्छिमी जिलनों में बरखा क क्रम जारी रहले क खबरि हौ। बदायूं अउर मैनपुर में जोरदार बरखा से लोगिन के भीसण उमस भरल गरमी से राहति मिलल हौ। मौसम विभाग के हिसाबि से बरखा क ई सिलसिला अगिला दुइ–तीनि दिन ले जारी रहि सके ला।

**********